



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEGISLASYON PAKE SEKIRITE SOU ENTÈNÈT

Lejislasyon (S.623/A.2206) etabli yon Gwoup Travay pou eksplòre efè entimidasyon sibè nan Eta New York ak mezi potansyèl pou adrese efè sa yo

Lejislasyon (S.2956A/A.324) elaji definisyon enfraksyon kontrent nan dezyèm degre pou enkli pwodiksyon oswa difizyon imaj entim yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a siyen yon pake lejislasyon ki gen rapò ak sekirite sou entènèt. Lejislasyon (S.623/A.2206) etabli yon Gwoup Travay pou eksplòre efè entimidasyon sibè nan Eta New York ak mezi potansyèl pou adrese efè sa yo. Lejislasyon (S.2956A/A.324) elaji definisyon enfraksyon kontrent nan dezyèm degre pou enkli pwodiksyon oswa difizyon imaj toutouni.

"Pa gen anyen ki pi enpòtan pase kenbe kominote nou yo an sekirite, epi kòm teknoloji a ap avanse, li enpòtan pou New York gen lwa solid pou pwoteje Nouyòkè yo kont asèlman sou entènèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou mwen siyen pwojè lwa sa yo pou yo vin yon lwa pou Nouyòkè yo ka asire yo ke yo ka pase tan sou entènèt nan yon anviwònman ki pi an sekirite, ki pi an sante."

Lejislasyon S.623/A.2206 kreye yon gwoup travay pou eksplòre ak adrese enpak entimidasyon sibè yo. Gwoup travay la pral detèmine dominans entimidasyon sibè, fè rekòmandasyon sou kòman pou anpeche li, epi idantifye fason ke eta a kapab yon resous nan ede granmoun ak timoun ki viktim entimidasyon sa yo, ki gen ladan timoun ki fè eksperyans ak entimidasyon deyò nan yon anviwònman eskòlè.

Lejislasyon S.2956A/A.324 elaji definisyon enfraksyon kontrent pou enkli pwodiksyon oswa difizyon imaj entim yo. Amanman sa a pral rann moun ki kontrenn yon lòt moun nan pwodwi oswa distribiye imaj entim sou menas yon prejidi fizik oswa emosyonèl responsab nan kad lwa a.

Senatè Samra Brouk te deklare, "Yo dwe rann abizè yo responsab, e kòm teknoloji a ap evolye konsa tou lwa nou yo dwe evolye. Lè li siyen lejislasyon sa a, Gouvènè Hochul ap ede nou kenbe Entènèt nou an san danje epi lib de kontrent pou tout itilizatè yo, espesyalman pou manm vilnerab nan kominote nou an tankou minè yo."

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Entimidasyon sibè se yon pwoblèm grav nan tout Eta nou an - epi nou bezwen yon plan pou kanpe li. Mèsi a Gouvènè Hochul poutèt li siyen pwojè lwa mwen an ki non sèlman pral kreye yon gwoup travay pou etidye menas sa a kont jèn nou yo, men ki pral ede ankouraje solisyon tou pou ede mete fen nan kriz sa a, ki deja aflije twòp moun nan tout kategori laj atravè Long Island ak nan Eta a an antye."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Entimidasyon sibè pa konnen limit jewografik, etnik, rasyal, relijye, sosyal oswa politik, epi enpak restriktif li gen sou jèn moun yo ogmante yon fason alamant pandan pandemi an pliske tout moun pase plis tan sou entènèt. Mwen remèsye Gouvènè Hochul poutèt li siyen pwojè lwa sa a, patikilyèman pandan Mwa Nasyonal Prevansyon kont Entimidasyon an, pou nou ka kòmanse ranvèse tandans devastatè sa a avèk sipò ak sansibilizasyon ogmante."

Manm Asanble a Kenneth Zebrowski te deklare, "Eksplwatasyon seksyèl se yon krim ki pwofondman twoublan kote yon moun, atravè aksyon kontrent, manipile yon lòt nan kreye imaj entim ke yo souvan itilize pou ranfòse aktivite kriminèl sa a. Akòz mank klète nan lwa penal la, yo souvan pa pouswiv kalite krim sa yo; sa ki kite yon ti kras disyasyon pou moun ki komèt krim odye sa yo. Lejislasyon sa a fèmen brèch sa a lè li klèman deklare ke lwa a kontrent lan gen ladan pwodiksyon oswa difizyon imaj entim. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sinifikatif sa an lwa".

Jennifer Becker, Direktè Legal Adjwen ak Avoka Prensipal pou Legal Momentum, te deklare, "Ekstòsyon seksyèl ak kontrenn se yon fòm abi k ap grandi, sa ki ogmante rapidman ak aksesibilite epi ak kwasans teknoloji ak rezo sosyal. Kriminalize imaj ki seksyèlman eksplisit ki gen kontrenn epi ki ekstòke se yon lòt etap majè pou pi devan ke Eta New York franchi epi nou espere lòt eta yo pral swiv modèl sa a. Anpil viktim yo Ekstòsyon seksyèl yo—jèn fanm yon fason ki pa pwopòsyonèl—yo sible yo sou entènèt ak kontrenn yo kreye ak voye imaj seksyèl, ki ka kòmanse yon long sik abi ki danjere. Nouyòkè gen yon zouti pou kenbe ofansè yo Responsab gras ak Gouvènè Hochul ak efò Senatè Brouk ak Manm Asanble Zebrowski."

###

Lòt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)